# ТЕМЭ:
# КЪЫТЕГЪЭЗЭЖЫНЫГЪЭ УРОК
# (Щы1эц1э)

Мурадыр:

1.Щы1эц1эм теухуауэ сабийхэм къащ1ар къэпщытэжын.

2.Тестк1э гъэлэжьэн, творческэу зэрылэжьэфыр 1упщ1 щ1ын.

3.Дыкъэзыухъуреихь дунейр сакъыу, ягъэдахэу егъэсэн.

Урокым зэрыщцылэжьэнур:

сабийхэр гупит1у гуэшауэ зэпоуэ:
«Уней», «Зэдай».

Адыгэбзэу бзэм и тхыдэр
Ижь зэманым къыдок1уэк1
Мыхьэнэуэ псалъэм я1эр
Зи лъэпкъыгъуэм йопэгэк1.
Си гугъу пщ1ырэ- сыщы1эц1эщ
Щы1эу хъуам сэ сыф1ащащ
Дэнк1э плъэи сыплъагъунщ
Сэ сыуафэщ ик1и щ1ылъэщ,
Сы псы къабзэщ, губгъуэ хуитщ,
Ц1ыхуи, 1эщи, къуалэбзуи
Мэзи, къурши, пшагъуэ 1уви
Уэ плъэгъуамэ - ар сэращ.
Хэт? жып1энк1и хъунщ сэр щхьэк1э
Сэ абдежым сы ц1ыху гуэрщ.
Ауэ сытк1э? ущ1эупщ1эм
Адрейуэ щы1э гуэрщ.

**Словарнэ лэжьыгъэ.**

*Об.явленэр, телеграм.эм, апте.эмк1э, б.лагък1э, ещ. нэрейр, К.вказым, п.ц1ащхъуэр.*

1 )дэгъэхуа хьэрфхэр дэгъэувэжурэ, псалъэхэр алфавитым тету тхын;

2)ударенэр тегъэувэн;

3)падеж к1эуххэр къэгъэлъэгъуэн;

4)зэрыт падежыр и щхьэм тетхэн;

5)зы псалъэмк1э псалъэуха зэхэлъхьэн, зэпкърыхын, щы1эц1эхэр къэгъэлъэгъуэн.

1)Щыуагъэ зыхэт псалъэхэр къэвгъуэт:

а)УКЪЫТЕК1ЫМЭ

б)тепщ1ыхьмэ

в) имыгъэзащ1эми

2) Сыт хуэдэ псалъэра ударенэр ет1уанэ пычыгъуэм щытехуэр?

а) гъавэ

б) вагъэ

в) фейдэ

3) Мы псалъэухахэр ик1эм нэгъэсыжын ик1и тетрадым итхэн.

а) Псэущхьэ куэд мэзым =====.

б) Ди къуажэм —— ======.

в) Сэ нобэ ----------------- ======.

4) УПЩ1ЭХЭМ Я ЖЭУАПУ УДЗ ПСАЛЪЭР КЪЭВГЪЭСЭБЭП:

а) Къыхэжынущ (сытыр?)... .
б) Зеужь (сытым?)... .
в) Загъэнщ1ыж (сытк1э?)... .
г) Тоннит1 тшащ (сыту?)... .

5) Щы1эц1эм упщ1эу хуоув:

а) сыт?
б) дауэ?
в) сыт ищ1эр?

6) Белджылы склоненэм падеж к1эухыу поувэ:

а) -р б) -к1э в)-у

7) Щы1эц1эр:

а) предмет къэзыгъэлъагъуэщ;

б) предметым и плъыфэ къэзыгъэлъагъуэщ ;

в) предметым къыщыщ1 къэзыгъэлъагъуэщ.

8) Скобкэм дэт щы1эц1эхэр пэжу къыдэхын, тетрадымитхэн.

Мэз(дэ), бгы(лъапэ), бгы(щхьэ), дей(мэз), дей(чы), джыдэ(дзэ), уэрам(пэ).

9) Упщ1эрей и лэжьыгъэхэр сурэтым иту доскам къыф1эдзэн.Пычыгъуэхэм псалъэ къыхэщ1ык1ын, тетрадым итхэн.

**Лын к1э дор,**
**пэ 1э лъэщ1 на,**
**гъуэ псы лы хьэ,**
**да пред тель се,**
**ци ли о ми нер.**

- 1) Предмет къызэрык1 псалъэ лъэпкъыгъуэм зэреджэр сыт?
- 2) Адыгэбзэм падеж дапщэ и1э?
- 3) Хьэрфышхуэк1э ятхыр щы1эц1э унейхэра хьэмэ зэдайхэра?
- 4) Маринэ хьэмэ Ленэ псыц1эр?
- 5) Суффикс хэ-м сыт къигъэлъагъуэр?
- 6) Именительнэ падежым и к1эухыр жы1эт.
- 7) Классыр эргативнэ падежым игъэувэт;
- 8) Тхылъ,ин -дэра щы1эц1эр?
- 9) Алфавитым и япэ хьэрфыр жы1эт.
- 10) Послеложнэ падежым и к1эуххэр жы1эт.

- 11) Алфавитыр хьэрф дапщэ хъурэ?
- 12) Ъ знакым сыт хуэдэ къалэн игъэзащ1эр?
- 13) Фи адыгэбзэ тхылъыр зыхэзылъхьам и унэц1эр жы1эт.
- 14) Эргативнэ падежым хуэув упщ1эхэр жы1эт.
- 15) Мыбелджылы склоненэм деж обстоятельственнэ падежым и1э к1эухыр жы1эт.
- 16) Щы1эц1эм хуэув упщ1эхэр жы1эт.
- 17) Соджэ псалъэр зэрыт щхьэр жы1эт.
- 18) Еджак1уэ псалъэр куэд бжыгъэм игъэувэт.

- 19) Мы псалъэухам хэт щы1эц1эхэр морфологическэк1э зэпкърыхын, тетрадым итхэн.

*Къемэт бысыму Истамбыл щи1ащ абы 1эпхъуэжа унагъуэ гуэр.*

- 20) Мы щы1эц1эхэр падежк1э зэхъуэк1ын,склоненэр жы1эн,тетрадым итхэн. *К1эрашэр,Бахъсэн,унагъуэр, тхылъ*

Гъатхэм и деж ц1ык1ухэм я лэжьыгъэхэм тепсэлъыхьын, псалъэуха зэхэгъэувэн, ар зэпкърыхын ик1и тетрадым итхэн.

